

PWOTEKSYON KONSOMATÈ KONSÈY POU JENN ADILT

KONSÈY RAPID AK PRÈ LAJAN POU PEYE ETID

Anvan ou siyen kenenpòt papye pou mande yon prè lajan pou etid, men kèk konsèy ou pa ta dwe bliye.

- **Fin ranpli Demann Aplikasyon Gratis pou Asistans Federal ak Prè pou Etid (FAFSA).** Lè ou ranpli yon FAFSA, sa va ede ou decide pou kilès nan pwogram asistans federal yo ou kalifye. Sèten pwogram, tankou sibvansyon, bay lajan pou etid kolèj ou pa bezwen repeye. Prè lajan gouvènman federal la garanti se prè ki gen yon to enterè ki fèb ou dwe repeye. *Toujou konsidere pwogram asistans federal anvan pretè prive yo.*
- **Gade toutotou ou epi konpare karakteristik prè yo.** Si ou bezwen prete nan men pretè prive, konpare kontra yo pou wè sa a ki pibon an.
- **Tcheke montan prè lajan an pou wè si li bon pou ou.** Anpil fwa, pretè yo pral ofri ou yon prè lajan ki twòp pa rapò ak sa ou bezwen pou peye pou etid ou yo. Etabli bidjè ou pou decide ki montan prè ou bezwen ak konbyen lajan ou kapab repeye apre ou fin pran diplom ou. Si ou prete twòp lajan, sa vle di ou ap dwe peye plis enterè alontèm.

- **Chèche yon ko-siyatè pou yon prè prive se yon rekou ou ta dwe itilize an dènye, apre ou fin eseye tout bagay.** Si ou te analize opsyon prè federal ou byen epi ou pa kapab kalifye pou yon prè ekonomik pou kont ou, ou gendwa konsidere chèche jwenn yon ko-siyatè, tankou yon moun nan fanmi ou oswa yon paran, ki gen yon bon istwa kredi pou yon prè prive, men sonje y ap responsab repeye prè an menmjan ak ou.

ENPÒTAN

Ko-siyatè ou responsab pou peye dèt la si ou pa reyisi repeye prè a. Istwa kredi nou toulede pral enpakte.

- **Evite pran “lajan gratis” nan men òganizasyon ou pa konnen.** Anpil vòlè sible elèv ak paran ki pa gen anpil kredi oswa ki pa gen okenn kredi epi yo prezante yo òf lajan prè san yo pa fè verifikasyon kredi.

FÈ ATANSYON...

Eskwokri Bousdetid ak Èd Finansyè

Jwenn konsèy nan men Komisyon Federal sou Komès (FTC) sou fason pou evite eskwokri ki rive pi souvan yo nan ftc.gov.

ASISTANS GRATIS

Chèche jwenn konsèy pwofesyonèl finansye gratis nan Sant Otonomizasyon Finansye Vil Nouyòk (NYC Financial Empowerment Center). Konseye yo gendwa ede ou redwi dèt ou, negosye ak kreyansye ou yo, konprann rapò sou kredi ou, amelyore kot kredi ou, ak plis bagay toujou. Rele 311 pou pwograme yon randevou toupre kote ou rete a oswa al gade nan nyc.gov/consumers pou jwenn plis enfòmasyon.

Chèche jwenn yon kopi gratis de rapò sou kredi ou epi analize li byen.

Al gade nan annualcreditreport.com oswa rele gratis nan 1-877-322-8228.

LÒT RESOUS

Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè (Consumer Financial Protection Bureau – CFPB) gen zouti ak resous pou ede ou pran bonjan desizyon sou fason pou peye pou inivèsite/kolèj. Al gade nan consumerfinance.gov.

Asistans Federal pou Etidyan (Federal Student Aid), yon sèvis nan Depatman Edikasyon Etazini, se pi gwo founisè asistans finansyè nan peyi a. Ale nan studentaid.ed.gov/sa pou jwenn enfòmasyon konsènan FAFSA.

Li Fèy DCA a ki gen konsèy sou li ki rele **KONSÈY RAPID ANVAN OU ENSKRI NAN YON LEKÒL OSWA NAN YON PWOGRAM FÒMASYON** (“QUICK TIPS BEFORE YOU ENROLL IN A SCHOOL OR TRAINING PROGRAM”).

Osijè Konsèy Rapid sou Pwoteksyon Konsomatè pou Jenn Adilt

Jenn adilt konfwonte ak difikilte toulejou antanke konsomatè. Depatman Zafè Konsomatè (DCA) te kreye yon seri fèy ak konsèy ou edike tout jenn moun osijè dwa yo genyen ak fason desizyon yo pran sou fason pou depanse lajan yo gendwa enpakte lavni yo.



Bill de Blasio
Mayor

**Consumer
Affairs**

Lorelei Salas
Commissioner

**Department of
Education**

Carmen Fariña
Chancellor